

Fason Pou Jwenn Nou!

TUFTS MEDICAL CENTER fasil pou jwenn aksè ladan nan vwati si w ap sòti nan Massachusetts Turnpike (Route 90), Central Artery ak Southeast Expressway (Route 93). Lopital yo nan anba-lavil Boston — nan Chinatown ak Theater District — epi sou yon distans pou mache nan Boston Common, Downtown Crossing, ak anpil otèl ak restoran.

Antre prensipal pou pasyan ak vizitè nan Tufts Medical Center se 800 Washington Street, Boston, MA 02111. Floating Hospital for Children nan 735 Washington Street. Sèvis ijans pou adilt ak pasyan timoun nan Bldg Nò, 830 Washington Street. Enstriksyon nan telefòn lè w ap kondi disponib depi ou rele 617-636-5000, ekstansyon 5 oswa depi ou ale nan sitwèb www.tuftsmedicalcenter.org/directions.

Tufts Medical Center



SI W AP UTILIZE GPS pou jwenn direksyon, nou rekòmande ou pou ploge li nan adrès garaj pakin ou: 274 Tremont Street, Boston, MA 02111. Sonje pou mete kòd postal la.


NAN TAKSI AK TREN: Lopital la sou yon distans 15 a 20 minit nan taksi avèk Logan Airport ak yon distans pou mache pou ale nan South Station.

SI OU SÒTI NAN NÒ (NAN DIREKSYON SID I-93):

- ▶ Pran Sòti 20 A (South Station) pou ale nan Purchase Street. Kontinye toutolon Purchase Street (sa vin Surface Artery).
- ▶ Vire adwat pou ale nan Kneeland Street. Ale toudwat nan plizyè blòk.
- ▶ Vire agòch nan Tremont Street. Tufts Medical Center ak Floating Hospital for Children Garage sou bò gòch ou, sèlman apre Citi Performing Arts Center.

SI OU SÒTI NAN SID (NAN DIREKSYON NÒ I-93):

- ▶ Pran Sòti 20 (Sòti 20 se yon ramp de liy pou I-90 East ak West, ak South Station).
- ▶ Rete agòch, pou swiv pano South Station/Chinatown.
- ▶ Vire agòch pou ale nan Kneeland Street. Ale toudwat nan plizyè blòk.
- ▶ Vire agòch nan Tremont Street. Tufts Medical Center ak Floating Hospital for Children Garage sou bò gòch ou, sèlman apre Citi Performing Arts Center.



SI W AP SÒTI NAN LWÈS (I-90 MASSACHUSETTS TURNPIKE):

- ▶ Pran Sòti 24 A (South Station).
- ▶ Vire agòch nan Kneeland Street. Ale toudwat pou plizyè blòk.
- ▶ Vire agòch nan Tremont Street. Tufts Medical Center ak Floating Hospital for Children Garage sou bò gòch ou, sèlman apre Citi Performing Arts Center.

SI OU NAN TRANSPÒ PIBLIK: Arè liy Oranj “Tufts Medical Center” akote nan antre prensipal Tufts Medical Center nan 800 Washington Street. Lòt arè MBTA ki toupre se “Downtown Crossing” oswa “South Station” (Liy Wouj) ak “Boylston” (Liy Vèt). Nou fasil pou jwenn tou si ou nan liy otobis 9, 11, 43, 55 ak Liy Ajan (SL4/SL5).

PAKIN: Yon Sèvis Pakin Vwati disponib ant Bldg Nò ak Bldg Sid Sant Medikal la, nan bò gòch 860 Washington Street, lendi jiska vandredi ant 6 am ak 4 pm. Rele 617-636-8970 pou jwenn plis enfòmasyon. Pakin an disponib nan garaj Sant Medikal la nan 274 Tremont Street, toupre Citi Arts Center. Tout pasyan ki gen yon randevou ap jwenn satisfaksyon. Ou kapab valide tikè pakin yo nan resepsyon klinik ou oswa nan inite pasyan ki entènè pou tarif pakin ki redui.



KONEKTÈ KORIDÒ AVÈK TWAZYÈM ETAJ:
 Li pi fasil pou ale anpil kote nan lopital la si ou itilize koridò twazyèm etaj la, ki konekte tout bilding nou yo.

ANTRE GARAJ KI AKSESIB SOU CHÈZ WOULAN: Pran asansè garaj la pou ale nan etaj Floating Plaza. Antre nan bilding nan epi swiv koulwa a agòch asansè Floating Hospital. Monte nan de (2) etaj pou ale nan 3yèm etaj Floating ki konekte tout bilding nou yo.

Telefòn Prensipal Lopital la: 617-636-5000
 Enstriksyon nan Telefòn Lè W ap Kondi: 617-636-5000 x5
 800 Washington Street • Boston, MA 02111
www.tuftsmedicalcenter.org